



Avi konsènan Dwa yo: Travayè Konstriksyon

Si w ap travay pou yon Founisè Travayè Konstriksyon,¹ ou genyen dwa **kèlkeswa jan sitiyasyon imigrasyon ou ye oswa dosye arestasyon ou**. Yon Founisè Travayè Konstriksyon, ki jwenn lisans nan men Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (NYC Department of Consumer and Worker Protection), dwe ba ou avi sa a nan lang Anglè ak nan lang matènèl ou.

Li avi sa a avèk anpil swen, siyen li, epi konsève yon kopi.

Konje Sekirite ak Konje Maladi

Ou genyen dwa pou w pran konje sekirite ak konje maladi pou kapab pran swen tèt ou oswa pran swen nenpòt moun ou konsidere kòm fanmi w, pou bezwen medikal oswa pou pwoteje ou kont vyolans nan kay oswa talonnay. Ou touche konje sekirite ak konje maladi a, a yon to 1 èdtan pou chak 30 èdtan ou travay, jiska 40 oswa 56 èdtan chak ane selon gwosè konpayi w la.

Patwon w lan dwe:

- Ba ou yon dokiman konje sekirite ak konje maladi ki eksplike fason pou w itilize avantaj ou yo.
 - Di ou konbyen konje sekirite ak konje maladi ou te itilize epi konbyen ki rete pou chak peryòd peman.
- ⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York la (NYC Department of Consumer and Worker Protection):

Rele nan **311** | Ale sou nyc.gov/workers

Espas Travay Ki San Danje epi Ki Pwòp

Espas travay ou a dwe pa genyen okenn danje yo konnen ki gen rapò ak zafè sante epi sekirite. Epi tou, ou genyen dwa pou resevwa enfòmasyon ak fòmasyon nan men patwon w lan nan yon lang ou konprann anvan ou kòmanse nenpòt travay ki kapab danjere.

- ⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA):

Rele nan 800-321-OSHA (**800-321-6742**) | Ale sou [OSHA.gov](https://www.osha.gov)

Epi, patwon w lan dwe asire ou resevwa omwen 40 èdtan fòmasyon sou sekirite anvan patwon w lan afekte ou (mete ou travay) nan yon gwo chantye. Ou dwe jwenn yon kat Fòmasyon pou Sekirite sou Chantye epi toujou genyen l sou ou pandan ou sou chantye a.

- ⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Depatman Bilding Vil New York la (NYC Department of Buildings):

Rele nan **311** / Ale sou nyc.gov/dobhelp

¹ Yon Founisè Travayè Konstriksyon se yon moun ki bay moun travay epi ki bay lòt kliyan yo yon seri travayè konstriksyon ki asire, pou al travay nan chantye yo genyen ki nan Vil New York yo pou yon salè.

Avi Alekri Ki Obligatwa

Anvan w siyen yon kontra travay oswa anvan ou dakò pou w travay pou yon Founisè Travayè Konstriksyon, moun ki pral patwon w lan dwe ba w yon **Avi Sètifikasyon** ki mete w okouran konsènan:

- nenpòt sètifikasyon, fòmasyon, oswa lòt deziyasyon ou bezwen pou ka fè travay ou a;
- pri l ap koute; epi
- si patwon w lan ap peye.

Anvan ou ale nan yon nouvo chantye, patwon w lan dwe ba w yon **Avi pou Afektasyon** an, ki mete w okouran konsènan:

- travay ou pral fè a;
- ekipman ak rad pwoteksyon ou pral gen bezwen;
- èdtan ou kapab travay;
- konbyen tan travay la kapab dire;
- salè ak avantaj yo, ansanm ak asirans dedomajman pou aksidan nan travay.

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York la (NYC Department of Consumer and Worker Protection):

Rele nan **311** | Ale sou nyc.gov/workers

Salè Minimòm ak Lè Sipleman

Salè minimòm pou Vil New York la se \$15 pou chak èdtan.

Yo dwe peye w pou chak èdtan ou travay, ni pou travay ou fè anvan ak/oswa apre tan yo pwograme pou travay la ak tan ou pase ap mache pandan tan yo pwograme pou travay la.

Si ou travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn, patwon w lan dwe peye ou yon fwa edmi pou lè sipleman a, kidonk pou tout èdtan ou travay an plis 40 èdtan an. *Ou genyen dwa sa a menm si patwon w lan peye w yon to chak jou oswa yon salè fiks chak semèn.*

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor):

Rele nan **888-469-7365** | Ale sou labor.ny.gov

Dedomajman pou Aksidan nan Travay

Ou genyen dwa pou resevwa avantaj lajan kach ak swen medikal si ou vin genyen yon andikap akòz yon aksidan oswa yon maladi nan travay la.

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York la (New York State Workers' Compensation Board):

Rele nan **877-632-4996** | Ale sou wcb.ny.gov

Asirans Chomaj

Asirans chomaj la bay yon revni tanporè si ou pèdi travay ou san se pa fòt ou.

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike, kontakte Depatman Travay nan Eta New York (New York State Department of Labor):

Rele nan **888-469-7365** | Ale sou labor.ny.gov

Espas Travay Ki Pa Gen Diskriminasyon

Lwa vil la, lwa eta a ak lwa federal la entèdi diskriminasyon ki baze sou karaktè reyèl oswa karaktè yo sipoze sou yon travayè, tankou sou:

- Laj
- Eitati Etranje oswa Eitati Sitwayènte
- Dosye Arestasyon oswa Kondanasyon
- Eitati Moun k ap bay swen
- Koulè
- Istorik Kredi Konsomatè
- Andikap
- Genetik
- Eta Sivil, Patenarya, oswa Familyal
- Eitati Militè
- Orijin Nasyonal
- Gwosès
- Ras
- Relijyon/Kwayans
- Sèks oswa Idantite Seksyèl (ni Asèlman Seksyèl)
- Oryantasyon Seksyèl
- Gen estati yon Viktim Vyolans nan Kay, Talonnay, ak Enfraksyon Sèksyèl
- Eitati Chomaj

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Komisyon sou Dwa Moun nan Vil New York (NYC Commission on Human Rights):

Rele nan **311** | Ale sou nyc.gov/humanrights

Okenn Vanjans

Li ilegal pou menase, pini, oswa revoke anplwaye poutèt yo egzèse dwa yo genyen dapre lalwa, tankou pote plent epi siyale vyolasyon yo.

⇒ Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York la (NYC Department of Consumer and Worker Protection):

Rele nan **311** | Ale sou nyc.gov/workers

Deklarasyon Travayè a Siyen:

Mwen menm, _____ [ekri non an ak lèt *detache*], anboche nan dat _____ [dat], te resevwa Avi konsènan Dwa yo nan lang matènèl mwen an. Lang matènèl mwen an se _____ [ekri lang lan ak lèt *detache*]. Mwen te li epi mwen konprann avi sa a.

Dat Avi Yo Bay Travayè a

Siyati Travayè a

Enpòtan: Ou gen dwa pou resevwa avi sa a nan lang matènèl ou.